ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛIЕПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№208 (22.116) ● 2011 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм ягъэува хабзэ мардэхэмрэ пщэрылъхэмрэ эзэрагъэзащIэм кIэлъыплъымкIэ къыдэхуэнымкIэ Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэкъуаущхьэ 19-м къыдигъэкIа Указ №943-УП-мкIэ къащтам, зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм ягъэува хабзэ мардэхэмрэ пщэрылъхэмрэ эзэрагъэзащIэм кIэлъыплъымкIэ къыдэхуэнымкIэ зэрагъэгъэпэщ Хабзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм ягъэува хабзэ мардэхэмрэ пщэрылъхэмрэ эзэрагъэзащIэм кIэлъыплъымкIэ къыдэхуэнымкIэ зэрагъэгъэпэщ Хабзэм къащтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэкъуаущхьэ 19-м къыдигъэкIа Указ №943-УП-мкIэ къащтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 1.1-м хэт «Къэбэрдей Республикэм и хабзэ мардэхэм,» псалъэхэм къакIэлъыкIуэу дыщIыгъужьи «Урысей Федерацэм и Президентым къигъэува пщэрылъхэмрэ Iуэхухэмрэ,» жиIэу;

б) пункт 1.8-м и ящэ абзацым хэт «нэгъэсауэ, и зэманым кърубыдэу зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу дисциплинарнэ жэуап якъы» псалъэхэр зэхъуэжьи «и зэманым нэгъэсауэ зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу пыухыкIауэ жэуапым ирашалI» псалъэхэмкIэ;

в) пункт 3.1-м щIэуэ абзац щIыгъужьи, мы къыкIэлъыкIэм хуэдэу иту:

«Резолюцэ теплъэ иIэу ятха пщэрылъым къыщагъэлъэгъэн хуейщ а пщэрылъыр зыбгъэдэхуэ къулыкъущIэм (къулыкъущIэхэм) и унэщIэр, и цIэмрэ и адэцIэмрэ я къебгъэжьапIэхэр. Пщэрылъыр щигъэзащIэн хуей пIалъэр, апхуэдэу резолюцэм Iэ щыщIадза махуэр. Пщэрылъыр щагъэзащIэн хуей пIалъэр резолюцэм къыщымыгъэлъэгъуамэ, ар, зэрахуэгъэзащ тещIыкIыуэ, ягъэзэхуэнуц Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэм - Президентым и Аппаратым и унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэм - Правительствэм и Аппаратым и унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым, абы и къуэдзэхэм, Президентым и Администрацэм и Унафэщым я секретариатхэм я унафэщIхэм.»;

г) пункт 3.6-м и итIуанэ абзацым кIэлъыкIуэу абзацыщIэ щIыгъужьи мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Правительствэм и Унафэщым ягъэува пщэрылъхэр езыхэр гъэзащIакIуэ нэхъыщхьэу щытыну Урысей Федерацэм и Президентым къахуигъэува пщэрылъыр гъэзащIэным теухуамэ, а пщэрылъыр гъэзащIэныжьмкIэ жэуапыр зи пщэ иралъхьа къулыкъушIэм Урысей Федерацэм и Президентым хуагъэхьыжьну докладым и проектыр Урысей Федерацэм и Президентым пщэрылъыр гъэзащIэныжьмкIэ къигъэува пIалъэр икIыным мазхибл нэхъыр мынэхъ мащIэ иIэжу къыхэлъхьэ, абы ипкъ иткIэ нэгъуэщI пIалъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Правительствэм и Унафэщым ямыгъэувамэ.»;

д) пункт 3.7-м дощIыгъужьи мыпхуэдэ абзацыр иту:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Урысей Федерацэм и Президентым къахуигъэува пщэрылъыр и пIалъэм кърибыдэу гъэзащIэныжьмкIэ зэран хуэ Iуэхухэр щыIэмэ, Урысей Федерацэм и Президентым къигъэува пщэрылъхэр зэфIигъэкIыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Правительствэм и Унафэщым и пщэ иралъхьам Урысей Федерацэм и пIалъэм и зэхуэдитIыр иухынымкIэ нэхъ мынэхъ мащIэ иIэжу пщэрылъыр щагъэзащIэну пIалъэм хэлъхьэжьмкIэ щхьэусыгъуэхэр кьыщIэхьэ Урысей Федерацэм и Президентым хуагъэхьыжьну докладым и проектыр щIыгъуу.

Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым къыщIэхэр я къахуигъэувахэр щагъэзащIэ зэманым ар ягъэува пIалъэм зэфIэзэкIыныр къэзыпхьахэ щхьэусыгъуэхэр кьыкIуэкIамэ, Урысей Федерацэм пщэрылъ къащищIахэр я къахуигъэувахэр гъэзащIэныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е Правительствэм и Унафэщым зи пщэ иралъхьа цIыхум Урысей Федерацэм и Президентым ягъэува пIалъэр ихуныным махуи 10 нэхъ мынэхъ мащIэ иIэжу я пIалъэм пщыщым теухуа Iуэхухэр къыхелъхьэ пщэрылъыр е къалэныр и зэманым гъэзащIэныр къэзыпхьахэ щхьэусыгъуэхэр, ахэр къызэнэкIыныжьмкIэ ялэжьхэр къыщыгъэпсыгъуэу, Урысей Федерацэм и Президентым ягъэжьжыну докладым и проектыр щIыгъуу.».

2. Мы Указым хагъэ егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№144-УП

● КЪБР-м и Парламентым

Жэрдэмыр даIыгъакъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иджыблагъэ щыIэхэтащ зи чэзу зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и унафэщI Чеченов Ануар. ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм щыщ-хэр. Депутатхэр я зэIущIэм щыхэпльащ республикэм и дежкIэ мыхьэнэ щыхьыкIа зиIэ Iуэхугъуэ - 21-мрэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм къыщыхалъхьа хабзэгъэув жэрдэмэ 4-мрэ.

ЗЭIущIэм щIидзэн и пэ кьыхуэу МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Шагин Сергей Чеченов Ануар иритыжащ къыхуагъэфэща «МЧС-р илъэс 20 ирокъу» медалыр. Абы а дамыгъэр къратащ пIалъэ кIыхькIэ КЪБР-м щыгъыкIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и комиссэм и унафэщIу щыщытам МЧС-мрэ жылагъуэ зыхъумэжьныгъэмрэ я Iуэхухэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуищIам, мафIэ щыIнагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зэрыхэлажьыхьам пащIэ.

Депутатхэр зэхэпльа Iуэхугъуэхэм ящыщыц Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмалымащэ медицинэ страховани-кIэ и фондым (КЪБР-м и ОМС-м) и мыгъэрей бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуэныгъэхэмрэ хэлъхьэныр. Ар къызыхэкIщхьэусыгъуэхэр къигъэлъагъуэу, зэIущIэм кьыдыпсэлъащ ОМС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къанокъуэ Аслъэнбэч.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, ОМС-м и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуэныгъэхэмрэ зэхъуэкIыным хуэунэтIыгъэ хуейуэ къагъэув Iуэхугъуэ зыбжа нэм. Абыхэм ящыщ 2012 гъэм щIыщылэм и 1-м ирихьэлIэу къыдэхуэну зыгращIыхь сом бжыгъэр уб зэрыхуейр, Iэнатlэ зыбжанэм къащыхуэмыгъэсбэпа ахъщэм къызэрыгагъэгъэзэжым, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэми.

Къанокъуэ Аслъэнбэч депутатхэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ищIащ ОМС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и бюджет Iуэхухэр зыIутым.

КЪБР-м хамэ къэралхэм щIэ лIыкIуэхэмрэ абыхэм я Iуэхущ1апIэхэмрэ теухуа Законым и проектыр зэIущIэм къыщигъэлъэгъуащ Парламентым законодательствэмрэ къэрал ухэнымкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур.

А проектыр ящэ хэпщIыгъуэу депутатхэм кьаIэту аращ. Iэпщэ Заур зэрыжиIамкIэ, абы иубзыхунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэмрэ я Iуэхущ1апIэхэмрэ хамэ къэралхэм зэрыщыIэжьэну щIыкIэр, абыхэм я лэжьыгъэр, къэзыпщытэну хуитхэр хэт сымэми, ар зыхуэхэчэмхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуну Iэмалхэр.

Депутатхэр нэхъ хэкъуэзауэ тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ ЗДПР фракцэм и депутатхэм Къэрал Думэм кьыщаIэта жэрдэмым. Ар зэIущIэм къыщигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и ЗДПР фракцэм и унафэщI, УхуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ комитетым и председатель Гриневич Валерий.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, УФ-м и Конституцэм къыщIедзэ мыцхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Дэ, Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт и щыхубэр, гъащIэм дызэрипхауэ зи щIыналъэм щыпсэуэжхэр...» А псалъэухаращ ЛДПР-м зэхъуэкIыныгъэр зыхилъхьэну и ужь итри. Ар кьехъулIэмэ, а псалъэухар мыпхуэдэу ятхынущ: «Дэ, урыс лъэпкъымрэ Урысей Федерацэм и адрей лъэпкъхэмрэ, гъащIэм дызэрипхауэ зи щIынадъэм щыпсэужхэр»...

Гриневич Валерий зэхуэсахэм гу лъаригъэтащ а зэхъуэкIыныгъэхэр «урыс лъэпкым и властыр зыгъэув пкъыгъэну зэрыщымытым», къэралыгъуэ урысу щIыху мелуани 116-рэ зэрыщIэсым (процент 80 хуэдизыр) къыхэкIыу, «гулъытэ хэха зэрахуэфащэм».

- Лъэпкъ псоми я фIэщыгъэщIэхэр кьыхощ абыхэм я щIынальхэм зэреджэхэм, ящэ къэралым и Закон нэхъыщхьэм зыщIыпIи, сыт хуэдэ щIыкIэкIи урыс лъэпкыр къыщыгъэлъэгъуакым. Нобэ щыIэ щIынадъэхэм ящыщ зым Урыс Республикэ фIэщыпкъ и ужь уихьныр лъэпкъ зэхуэщытыкIэхэм нэхъыбэу зэран хуэхъунущ, урысхэр Конституцэм къыщыхэбгъэщыным нэхърэ, - жиIащ Гриневич Валерий.

- Хэхыныгъэхэр къызэрыгуэу, ЛДПР фракцэм игу кьокIыж урыс лъэпкъыр зэрыщIэу, - гу лъитащ депутат Банщиков Александр, къыхалъхьэ жэрдэмымкIэ икъуэкIэ мыарэзыуэ.

Iэпщэ Заур кьигъэлъэгъуащ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэм ущыгъэ лъэпкъыр Урысей Федерацэми, абы и лъэпкъхэми къаэзрыхигъэщхьэхуэкIынур.

А жэрдэмыр КЪБР-м и Парламентым къыщитащ-кым, - ар ямыдэу Iэ яIэтащ фракцэ псоми. Гриневич Валерий кьынгъэлъэгъуа жэрдэмым и телъхьэу зы депутатым Iэ иIэтауэ аращ.

ГЪУЩIО Зариф.

КIыщ Мухьэдин и гъэлъэгъуэныгъэр Налшык къыщыщэIуахым кърихьэлIат КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен. *2006 гъэ*

● Ди зэманым и лIыхъужьхэр

Ди насыпыр саугъэту къыдатащ

«Анна Каренина» романыр къызэрыщIидзэр фщIэжрэ: «Унагъуэ насыпыфIэ псори зэщхьщ». Толстой апхуэдэу егупсысу щытами, унагъуэ насыпыфIэ кьэси езым и дунейм иIэжщ. Уеблэмэ унагъуэ насыпыншэхэм яфIэкIуэдар насыпыфIэхэм я унэм кьыщыбгъуэтыж: уи щхьэ Iуэхур ящэ иумыгъэщыныр, фIым ущыгугъыу-рэ гугъуехьхэм уакьыхуимыкIуэтынныр, гъащIэр зэрыгуэрэ зэрыхьынур пщIэжу лъэужь махуэ кьыззэрыбгъэнэным псэкIэ утелэжьныр. А хьэлэр дунейр кьыззэрыгъэнэхуэр щыхур зрикIуа насып гъуэгуф. Нобэ ди «ХьэщIэщым» кьыхтхуеблэгъа КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ насыпым и кIуапIэр кьыззэIуахам и мызакъуэу, ар нэгъуэщIхэм кьагурыIуэми я гуапэщ.

Мухьэдин адыгэу сщIэххэгъэкIын

- Жаклин, зымахуэ уи гъусэу маршруткэм сисащ. Щыху нэIурытыр адрейхэм захимыIэтыкIыу пльагъэныр сытым дежи гуэхъуэщ.

Мухьэдин: Щыхухэм уаригъэсэн хуейщ, сыт абы емыкIуу хэлъыр?

Жаклин: Щыхухэм я гукъыдэжкIр зыхуэдэр, дунейм и щытыкIэр нэхъ зыхэтщIэн щхьэкIэ, лъэсу кьэткIухьын тфIэфщ.

- Ди газетым и щIэр «Адыгэ псалъэщи», псалъэжькIэ кьыщIэддзэнщ. «ФызыфI илI щIэрыIуэщ» жаIэ ди дежкIэ. А псалъэжьыр фэ фтеухуам хуэдэщ. Ди газетым еджэхэми нэхъ афIэгъэщIагъуэн хъуну къысщохъу фызэрыщIыхуам, унагъуэ фухуэну фызэрытегушхуам я хьыбар зэхахмэ.

Жаклин: Дэ Москва пэмыжьыжьэу щыIэ Переславль-Залесский жыхуаIэ щIыпIэм дыщызэрыщIыхуащ. Перестройкэм и зэманти, ахьышэ ептмэ дэни уагъакIуэрт абы щыгъуэ. Си нэIуасэ гуэрым сызджэрэ, сурэтыщIкIэр зэрагъэщIыхуащ. Сэри сурэт сщIын сфIэфIти, си краскэхэр кьыздэсщтат. Ар ятэ дыдэу Урысеймэ и художникхэм сащыIуцIэ зэмант. Мухьэдинри яхэтт абыхэм. Ильэс докIри аргуэру тызогъаз. КъэкIыгъэ дагъэ зыхэт краскэкIэ сурэт сщIыфу зезгъэсэным сыхуэпабгъэрт. Мухьэдин къызжиIащ: «ИIэ-тIэ, накIуэ си мастерскойм». Ауэ сэ махуэ зыщыплIкIэ зисльэфыхьащ: «Апхуэдэ сурэтыщI Iэзэм и лъэщапIэм дауэ сызэрыкIуэнур? Сыхэт сэ абы сыдэлэжьыну?» жысIэуэрэ. Сытми, зыгуэрурэ сытетгушхуэри сыкIуащ. СызджэкIуам мольберт, щэкI кьабзэ схуиГэсхьэзыраруэ щытт, къызэрызэжьэр гурыIуэгъуэу. «Сыт сщIэнур?» жысIати, «Зыгуэр щIыт», - жиIащ. Арати, сурэт гуэр сощI. «Иджы-щэ?» - жызоIэ. «Иджы - краскэкIэ», - жи. Мис апхуэдэу нэIуасэ дызэхуэхъащ. ИкъуэкIэ сигу ирихьат: езыри лажьэрт, сэри сылажьэрт, тIуми зыри жыдмыIэзу. Махуэ кьэс абы сыкIуэу щIэздзащ, сытри сурэту сщIыху. ЗэрыжаIу, ебланэ уафэм сыщыIэт, апхуэдизкIэ сигу хэхъуэрти.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

Кулиев Кьайсин и фэеплым удз гъэгъахэр тезыльхьахэм яхэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануаррэ Правительствэм и Iэтащхьэ Гертер Иванрэ.

УсакIуэр ягу къагъэкIыж

Хабзэ зэрыхуауэ, Кулиев Кьайсин кьыщалъхьа махуэм - щэкIуэгъуэм и 1-м - усакIуэм и Iэдакъэщ1экIхэр фIыуэ зылъагъуэр абы и фэеплым деж щызэхуэсащ.

ПЭКIУМ кьрихьэлIат КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Iэтащхьэ **Гертер Иван**, министрхэр, кьалэр, район, кьуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр, тхакIуэхэр, школакIуэхэр, Кулиевым и Iыхьлыхэр. Абыхэм фэеплым удз гъэгъахэр тральхьащ.

КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **КхъуэлIуфэ Хьэчим** зэIущIэр кьыщызэIуихьэм усакIуэшхэр псэужамэ нобэ илъэс 94-рэ зэрырикъунур кьыхихъащащ икIи зэгухьэныгъэм хэтхэм я цIэкIэ ехъуэхъуащ Кулиевыр нобэ зыщымыгъупщэ, и творчествэр фIыуэ зыилъагъу псомэ.

Ящэ псалъэр дыгъэсащ **Чеченов Ануар**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ, Ленин саугъэтым и лауреат Кулиев Кьайсин и творчествэр дунейпсо литературэм щыщ хъущ. Кулиевым и гъэсэным щыхубэр зыгъэгъэзащIэ Iуэху зэIуфмыбз кIуэд кьыхуэщ, ауэ ахэр нэхъыбэу зытеухуар Хэкум хуиIэ дыгъэныгъэмрэ лъэпкъэм якIэ дэль зэныбжьыгъуэгъэмрэщ, - кьиригъэлъэгъуащ абы. - УсакIуэр и лIыкIэгъуэм ящыщыгъуэ республикэм и ирашу Азие Курыт-тым щагъэIэпхъуамэ гугъуехь куэд ишэчащ, ауэ, тхэм зэпигъэуакъым, дзэ щыIэми зэрыбгырысу кьэнэжащ. Сыт щыгъуи и бзэм, и Iуэрыуатэм иригушхуэ тепсэлъыхьну фIэфIт, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэм, литературэм пщIэ хуищIырт абы.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъахэм кьыхагъэщащ Кьайсин и кьалэмпIэм кьыщIэкIаэр гуапагъэрэ щIыхуагъэкIэ зэрыгъэнщIар, куэдым ягу зэрыпэсыр, абыхэм лъэпкъ зэмылIэужьхьэгъэхэм щыщхэр гъунэгъу зэрыщэхуищIыр, и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэду зэрагъэзащIэр.

Налшык къалэм дэт 9-нэ, 31-нэ щколхэм щIэс цIыкIуэхэр Кулиев Кьайсин и усэхэм кьеджащ.

Кьуэлуфэ Хьэчим зэхьыхьэм кьрихьэлIакIэмрэ кьыщыпсэльаэхэмрэ фIыщIэ яхуища нэуэкь, Кулиев Кьайсин теухуа дауэдащэм щыпащэну аэхэр кIуащ усакIуэр кьыщалъхуа Щэджэм къалэм.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хэхыныгъэхэр-2011

Зэманыр ягуэшащ

КЪБР-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм дыгъуасэ пхъэндзэкIэ щаубзыхуащ дыгъэгъазэм и 4-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэм хэтыну политикэ парт псоми республикэм и хьыбарестащIэ Iэнатlэхэр пщIэншэу къызэрагъэсэбэпыну щыкIэр.

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ хэтыну политикэ партхэр блы мэхъу. Абы языхэзми сыт хуэдиз зэман телевиденэхэм, радиохэм, сыт хуэдиз сатыр бжыгъэ газетхэм кьащыIысми яубзыхури, а псори зыпхъуэзэну махуэхэри пхъэндзэкIэ зэхуагуэшьжащ.

Апхуэдэ щыкIэкIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуэнущ: Урысейм и «Яблоко» демократие партым и тхыгъэр - щэкIуэгъуэм и 10-м, «Урысей зэкьуэт» партыем ейр - щэкIуэгъуэм и 11-м, «Захуагъэ зэдщыIэ Урысей» партым ейр - щэкIуэгъуэм и 15-м, ЛДПР-м и тхыгъэр - щэкIуэгъуэм и 16-м, КПРФ-м ейр - щэкIуэгъуэм и 22-м, «Iуэху захуэ» политикэ партым и тхыгъэр - щэкIуэгъуэм и 23-м, «Урысейм и хэкупсэхэр» партым ейр - щэкIуэгъуэм и 29-м.

ПщIэншэу ди газет напэкIуэцIхэм кьащагъэлъагъуэ тхыгъэхэм кьащыпэмыщIа, хэхыныгъэхэм я Iуэху щыпхъагъэкIыу политикэ партхэр хуитщ пщIэ зыщIат тхыгъэхэри кьытрагъэдэну.

Зыныгъэхэм гъуазэу щагъэуфэ Iуэхугъуэхэм щыхубэр щыгъуазэ яущыну хуит хъуащ иджы дэтхэнэ партри.

ПШЭДЖМОКЪУЭ Залым.

Ливием еуэнукъым

Вэсэмахуэ сыхьэт 23-рэ дакъикьэ 59-м и пIалъэр икIащ НАТО-р Ливием еуэну хуит зыщIу ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым къыщтауэ щыта мандатым и пIалъэр.

А щыхьэт тхыльыр и лъабжьэу, НАТО-м и кхъухь лъатэхэр бомбэкIэ зэпымыууэ еуащ Ливием и унафэщI Каддафи Муамар здэщыIэнкIэ хьуну зыхуагъэсфащэ кьалэ псоми. ИкIи арэзы зэрыс автомашинэр бомбэм икьута нэуэкьщ Каддафи яубыду и хэкуэгъу зыкъэзыIэтахэм ар щаукIар.

- Дэ ди зауэлI лэжьыгъэр духащ, Ливием и цIыхубэм и щхьэ и унафэ ищIыкIу псоуи папщIэ зыхуэныкьуэ щытыкIэ псори къызэдгъэпэщащ, ООН-м ШынагъэншагъэмкIэ и Советым и мандатым кьигъэувэри дагъэунэшу дгъэзэщIащ, - жиIэ НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Андерс Фог Расмуссен.

Арщхьэкlэ абы и Iуэху епIыкIэм арэзы техъуэрэкьым Урысейм и лIыкIуэу НАТО-м щыIэ Рогозин Дмитрий. Абы къызэрильытэмкIэ, Ливием и къэкIуэнур езыр зэрегулкIуэу иубзыхуну хуиту НАТО-м кьыфIэщIащ, абы залымэхьэ властыр щикьутэри, динщIкьу экстремистхэм зэлыкьыхэр щаритащ. Рогозин Дмитрий арэзыкьым ООН-м ШынагъэншагъэмкIэ и Советым и мандатыр НАТО-м дагъэунэшу игъэзащIауэ зэрыжиIэмкIи. Урысеймрэ НАТО-м хэт къэралхэмрэ я МИД-хэм я Iэтащхьэхэр зэIущIэнуц дыгъэгъазэм и 8-м. Ахэр хэпльэжьанущ Ливием щапэжьа Iуэхугъуэхэм щыуагъэу щалъэщIэкIахэм.

Израильр хущIокъу

Европэ Къуэкьлыпм и къэралхэр Израильым хэкъуэзауэ хегъэзыхь Ираным и ядернэ программэм хуэунэтIауэ санкцыщIэхэр кьаригъэщтэным хущIэкъуу. «Гаарец» газетым зэритхымкIэ, абы къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министерствэм США-ми, Евросоюзми, нэгъуэщI къэралхэми щыIэ и лIыкIуэхэм тхыгъэ щэхухэр яIэригъэхьащ. Ираным екъэлIауэ ялэжьын хуей Iуэхугъуэхэр иту.

«Ираным и ядернэ программэм теухуа пкъыгъуэ гуэр кьэзыгъэлъагъуэ зы мэскьали гулъытэншэу кьэбгъанэ хьунукьым, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэщIын хуейщ абы уранир кьызэригъэбатэ щыкIым теухуахэм», - щитх Израильм и МИД-м и щыхьэт тхылым, баллистическэ ракетэм и ядернэ пкъыгъуэхэр Ираным ищIу кьильыгъэ. Израильм и МИД-м кьызэрильытэмкIэ, Ираным и ядернэ программэр дипломатие Iэмалхэмкlэ зэтрагъэувыIэн папщIэ хъуэхунэжар зэман мащIэ дыдэщ.

ЩэкIуэгъуэм и 8-м МАГАТЭ-м и отчетыр кьытрадзэнущ. Израильмрэ США-мрэ я мурадщ а докладыр Ираным санкцэщIэхэр телъхьэным хуэунэтIауэ кьагъэссэбэпыну: а къэралым деж щыдагъэ щамыщхуу, и кьухьлъатэхэмрэ и кьухьхьэмрэ зы щIыпIи щызэтрамыгъэувыIэу, Ираным и Банк Нэхьыщхьэм зы къэралри дэмылажьэу ящIыным щIохьэпс ахэр.

Хэхъуэми, зихъуэжьынукъым

Кьалэжьа, и Iуэхур зэрыхуэмыщIам кьыхэкIыу хуагъэува пенсэу Урысей Федерацэм щатым 2020 гъэм ирихьэлIэу хуэдитIкIэ хэхъуэн хуейщ. Ар дыгъуасэ жиIащ УФ-м уэнышагъэр хъумэнымрэ — социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Голиковэ Татьянэ. «Пенсэ системэхэм иджырей дунейм зыщIагъэжьынымкIэ Iэмал нэхъыщхьэхэр» зыфIаща дунейпсо семинарым кьыщыщыпсалъэу.

- 2011 гъэм щыIа лэжьакIуэ пенсэм елытауэ, 2020 гъэм абы хэхъуэнущ хуэдэ 1,9-кIэ, социальнэ пенсэхэм а зэманым заIэтынущ проценти 110-кIэ, - жиIащ Голиковэ Татьянэ.

Абы кьызэрибжамкIэ, цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхъэнэкьуэм елытауэ, нобэ щыIэ пенсэр процент 171,5-рэ мэхъу. 2020 гъэм а процент бжыгъэм зимыхъуэжьну министрым кьелъытэ.

◆Илъэс 290-рэ и пэкIэ Ищхьэрэ зауэр иуха нэуэк нэуэк пащтыхь Петр I «Жэуэ и Адэ» щIэ лъапIэр кьыфIащри, Урысей псом и пащтыхьышхуэ кьулыкъуэри щагъэуващ. Урысейр пащтыхьыгъуэ хъури, Романовхэ я лъэпкъыр властым пэмыгъэ 1613 гъэм щыщIэдзауэ кьекIуэкIащ.

◆Илъэси 10 и пэкIэ ЮНЕСКО-м и конференц нэхъыщхьэм и сессием кьыщащтащ псы щIагъым щIэнэхабзэ щIэинхэр хъумэным теухуа Конвенцэр. Абы лэжьэн щIидзащ 2009 гъэм щIышылэм и 2-м.

◆Москва и Къэрал академическэ Театр Иным зэрагъэпэщыжа нэуэк лэжьэн щIедзэж. Нэщхьэбэ абы щагъэлъэгъуэнущ «Русланрэ Людмилэрэ» оперэр.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьыззэритымкIэ, нобэ Налшык пшэ щытелъынущ, хуабэу махуэм градуси 9, жэщым градуси 5-щ щыIэнущ.

Планэтэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зариф.**

Лъэпкъ IуащIэгъэ:

Насып зиIэм фыгъуэгъуэ иIэщ.

● Зэлущlэхэр

Яхуэфащэ гулъытэ ягъуэтыж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Саенэ Татьянэ, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и КъБР-м и Къэбэрдей-Балкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщl Жаным Руслан, Егъэджэныгъэ, щlэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я профсоюзым и Iэтащхьэ Карныщ Сергей сымэ зэрэмкlуэм яIущlащ республикэм щыlэ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэм я журналистхэм.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦIЫР теухуауэ щытащ УФ-м и зэхъуэгухэм щlэблэр зэрыщрагъаджэ щыкlэр егъэфlэкlуэным, къэгъащрэщlэным ехьэлIауэ «Урысей зэкъуэт» партым кыхьилъхьэ проектыр КъБР-м гъэзэщlа зэрыщыхьум, абы ипкъ итklи егъэджакlуэхэм я улахуэм иджыблагъэ зэрыхэхьуам.

Зэлущlэр къыщыдзыхьым, зи гугъу тщы проектыр ди щыналъэм зэрыщылажьэм кlэ лъыплъ. Саенкъ Татьянэ жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщl, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Iэтащхьэ Путин Владимир кхъихлъхьауэ щыта Iуэхур щыналъэ псоми еужьэрэкlыу зэрыщыхапщэр.

- Мы проектым и кьалэн нэхъыщхьэр егъэджакlуэхэм я лэжьыгъэм хуэфащэ гулъытэ хуэщlыныр, - жиIащ Саенкъ. - Абы папщlэ федеральнэ бюджетым кхъыжкl субсидиехэр щыналъэхэм трагуэшащ икlи ахэр зытрагъэкlуэдэну унэтlыныгъэхур ябзыхуащ. Абы ипкъ итklи, хэгъуэгурэм я пщэдалъхьащ егъэджакlуэхэм я улахуэр щыналъэм и экономикэ Iэнатlэм ику иту кыщыдгъэжьым хуэдизэ щlыныр. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щlалэныгъэмэ, проектыр гъащlэм хэпща хьун папщlэ федеральнэ бюджетым кхъыхэкlы республикэм кхъыпрыкlыжь сом мелуани 198,4-рэ. Абы ирихьелIэу КъБР-м и бюджетым щыщ сом мелуани 107,8-рэ егъэджакlуэхэм я улахуэм и фондым хэгъэхъуэным хуохакlащ.

Саенкъ и псалъэхэм къыпищэу Жаным Руслан жиIащ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Iэнатlэхэр егъэфlэкlуэным «Урысей зэкъуэт» партым япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм зэрыщыгъуэр, нэгъэущlэкlэр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министрэм ятlонэрэ зэхуэмдэгъуэм экономикэмкlэ и кьудамэм и унафэщl Гъукlэжь Иринэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ улахуэр зэрызэхэль Iыхьэхэм, нэхъыбэ кьэпхьын папщlэебгъэкlуэжьын хуей лэжьыгъэхэм.

Адэкlэ псалъэ ираташ егъэджакlуэхэм. Щхьэлъкъуэ къуажэм дэт 1-нэ курыт школым пэщlэдзэ классхэм щесыгъаджэ Соблыр Софият, Исльмей 4-нэ курыт школым инджылыбзэммкlэ и егъэджакlуэ Шыбзыхьуэ Фатlимэ, Май кьалэм дэт гимназие №1-м урысыбзэммрэ литературэмрэ щезыгъэдж Егоровэ Ольгэ, Налшык кьалэ дэт 4-нэ гимназием и пщlэдзэ классхэм я егъэджакlуэ Игнатьевэ Ларисэ сымэ къыщыпсалъэм жаIащ я улахуэр лъагэ зэрыхьуам зэрыщыгуфыкlыж, нэхъыбэм зэрытригъэгушхуэр, лэжьыгъэм хуэщхьэхъкъэхэмэкlыбу дяпэкlэ щхьэж кьалэнымэ щыта. Къэбгъэльагъуэмэ, иджыпсту республикэм и егъэджакlуэхэм я улахуэр ику иту сом 13.102-рэ хьуащ. Абы и лъэныкъуэкlэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щlыналъэм етIуанэ увыпlэр щыдубыдащ, Ставрополь крайм тlэкlу нэхъыбэ кьащащ. Федеральнэ унафэр кьащта нэмрэ, республикэм и Iэтащхьэхэм кьыхалъхьэри, гъэсакlуэхэм я улахуэм и фондым хэгъэхъуэным хуохакlащ.

Саенкъ и псалъэхэм къыпищэу Жаным Руслан жиIащ улахуэр сом 9.900-рэ мэхъу. Апхуэдэу зыхъэпщlэу улахуэм щыхагъэхъуа егъэджэныгъэ Iэнатlэм и тхыдэм хэта кьыщlэжьынкъым.

Министрым зэрыжиIам тепщlыхьмэ, ди республикэм ис егъэджакlуэхэм я процент 52-м кьаХь ику иту кьабжа сом 13.102-м щыгъу. Сом мин 35-м нэс кьэзыхь диIэщ, нуэдым сом мин 20-м щыгъу кьаХуолажь.

Карныш Сергей жиIащ партым и жэрдэмкlэ кьыхалъхьа проектым Iуэхуфlкуэд къызэрыпэкlуэнэр, егъэджакlуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхьуам а Iэнатlэм пэрыуэвну зэрдэм зиIэхэр нэхъыбэ зэрищlынур, нэгъэущlэхэр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министрэм финансэмрэ экономикэмкlэ и кьудамэм и унафэщl Гъукlэжь Иринэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьауэ улахуэр зэрызэхэль Iыхьэхэм, нэхъыбэ кьэпхьын папщlэebгъэкlуэжьын хуей лэжьыгъэхэм.

Адэкlэ псалъэ ираташ егъэджакlуэхэм. Щхьэлъкъуэ къуажэм дэт 1-нэ курыт школым пэщlэдзэ классхэм щесыгъаджэ Соблыр Софият, Исльмей 4-нэ курыт школым инджылыбзэммкlэ и егъэджакlуэ Шыбзыхьуэ Фатlимэ, Май кьалэм дэт гимназие №1-м урысыбзэммрэ литературэмрэ щезыгъэдж Егоровэ Ольгэ, Налшык кьалэ дэт 4-нэ гимназием и пщlэдзэ классхэм я егъэджакlуэ Игнатьевэ Ларисэ сымэ къыщыпсалъэм жаIащ я улахуэр лъагэ зэрыхьуам зэрыщыгуфыкlыж, нэхъыбэм зэрытригъэгушхуэр, лэжьыгъэм хуэщхьэхъкъэхэмэкlыбу дяпэкlэ щхьэж кьалэнымэ щыта. Къэбгъэльагъуэмэ, иджыпсту республикэм и егъэджакlуэхэм я улахуэр ику иту сом 13.102-рэ хьуащ. Абы и лъэныкъуэкlэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щlыналъэм етIуанэ увыпlэр щыдубыдащ, Ставрополь крайм тlэкlу нэхъыбэ кьащащ. Федеральнэ унафэр кьащта нэмрэ, республикэм и Iэтащхьэхэм кьыхалъхьэри, гъэсакlуэхэм я улахуэм и фондым хэгъэхъуэным хуохакlащ.

Саенкъ и псалъэхэм къыпищэу Жаным Руслан жиIащ

● «Къэрал зехьэкlэ»

Нехьэкl-къехьэкl хэмылъу зэпсэлъащ

«Къэрал зехьэкlэ» проектым хиубыдзу КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Чечанов Ануар яхуэзащ потребкооперацэм и университету Белгород къалэм дэтым и кьудамэу Налшык щыlэм и студентхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ. А зэIущlэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я унафэщlхэу берд Хьэзэрэталий, Хьэщхъуэжь Татьянэ, Дадэ Муlэед, Несутулов Виктор, Гриневич Валерий сымэ.

«ЗЭИ ХУЭМЫДЭЖУ, къэралым иджыпсту и плъапIэр щlалэгъуалэрщ икlи ар хущlокъу школакlуэхэм, студентхэм ящыщу нэхъ зэчиифIэхэм зэрадэIэпыкуным. Апхуэдэ политикэр хэбдзкlи щымыIэу тэмэщ. Фэ гъащlэм бгъэдыхьакlэщlэ хувищ, рынкоры зи лъабжьэ экономикэм и хабзэхэр, иджырей технологиехэр, Iуэхущlэхэр нэхъ псынщlэу къывопхъуатэ, Iэхуфим нэхъ фынтогушхуэ. Къэкlуэнуэр зэпльитар фэрадж икlи зэман гъунэгъу дыдэм кьрихьыдзу пщlэшхуэ ягъуэзынущ Iуэхум хуэгъэза Iэкlуэльакlуагъэмрэ жэуапльнгъэмрэ.

Мыпхуэдэ зэIущlэхэр сабэп мэхъу щlалэгъуалэм кьабгъэдэхуэ гугъуехьэхэр наIуэ къэщlыныжмкlэ, ахэр кьыззэрызэбгнэкl хьуну хэкlыпIэхэр убзыхуныжмкlэ», - жиIащ Чечанов Ануар. Абы студентхэр кьыхуриджащ езыхэр зыгъэпIейтей Iуэхуэр нэхъэкlжьэкl хэмылъу кьалэтыну, яфlэгъэщlэгъуэну щыlэ псоми щlэупщlэну.

Щlалэгъуалэм, жыларагъ зэгухьанысэхэм, щlыхубэ хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я Iуэхухэмкlэ комитетым и унафэщl Хьэщхъуэжь Татьянэ зэхэзыхуэсахэр щыгъуазэ ищlащ депутатхэр зэрыхах системэу щыIэхэм, абыхэм ящыщ дэтхэнэми фIыуи ныкъъсанагъэуи хэлъхэм. Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ комитетым и унафэщl Дадэ Муlэед КъБР-м и Парламентым и епIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и зэхэлъыкlэм, абы зэфIигъэкlхэм тепсэлъыхьащ. КъБР-м и Парламентым и дэк щыlэ Щалэгъуалэ палатэм и унафэщl Шыпш Аслъэн зэпкърыхауэ кьыгъэльэгъуащ езыр зи пашэ orганым зэфIигъэкlхэр, Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэм я зэфlэкlым зэрызиужьым.

Абы и ужьklэ хьэщlэхэр зэIуахуауэ депутатхэм епсэлъащ. Парламентархэм яфlэгъэщlэгъуэн хъуащ щlалэгъуалэр гъащlэм кьигъэуф кьалэнхэм икъукlэ губзыгъуэ зэрыбгъэдыхьэр, ахэр республикэм и кьэкlуэнум зэрытегъэзекlуэр, я гурыпхъэр тегущlауауэ икlи гъэхуауэ кьыззэрагуатэр. Студентхэр фэрыщlагъ льэпкъ хэмылъу тепсэлъыхьащ дэжьапIэншагъэм, корруп1цэм (егъэджэнымэ и Iэнатlэмэ ехьэлIауэ) зэребэн щlыкlэм, кьуажэхэм щыпсэухэм я зыгъэпсэхугъуэр тэмэму кьыззэрызэрамыгъэпэщlым, пенсионерхэр хуэщхъуэ и лъэныкъуэкlэ гугъу зэрехьым, нэгъэущlэхэмэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

Щыхуэм ящыгъупщэркъым

● Фэепльъ

Щlыхуэм ящыгъупщэркъым икlи ирипагэу я напщlэм телъщ Хьэжаж щыщlы лIы ахьыпэманщ жыхуаIэм хуэдэхэр. Апхуэдэу Бахъсэ щенка - къуажэм - дасащ Тхьэкъуахъуэ Башир, Щlалэр а гуэгуэм тригъэувыт и адэ Хьэбыж, илъэс куэдкlэ «Красный Кавказ» колхозым и тхьэмадэу лэжьам.

ХЬЭБЫЖ и зэманыгъуэм ирихьэлIащ нэмыща зэрыпхъуакlуэхэм къыдащlыдIауэ щыта лъыкlпсыкlащ зауэр. Адрей минхэми хуэдэу, Iэщэ къищlэри ар Хэкур зыхъумэхэм яхьыхащ икlи и псэр пытыху фашистхэм япэщlэтащ. Адэм къызэринжкlа хозяйствэр кьыуэ Башир дзыхь хуащIащ - и ныбжькlэ щlалэми, балигъ хьэл-щэн зэриIэр, гупсысэкlэ тэмэм зэрыбгъэдэлъыр кьалъытари, колхозышхуэм и унафэщlу хахащ.

А лъэхъэнэм дэнэкlи щыхьэлъэт, абы уэгъур хьыхьэжауэ, зауэ щlыбым щlыIэхэр гугъуехьышхуэхэм хэтт. Техникэ мащIэр, хозяйствэм и къару нэхъащхьэ щlыхэр, выхэр фронтым хуэлажьэрт. ЦIыхьухэм щlыр белкlэ я къатрабэтэрт, щыкъырхэр хьэмфIанэ тIыгукlэ ягъэщагъэрт. Ябгъэдэлъ жылапхъэр хасьлъхьэн хуейти, я бгыр щlакъуэзауэ уэгъуэм мэжэщlалIагъэми пэщlэтт.

Башир щlалэми, гупсысэ тэмэм зиIэ зиужьащlу кьыщlэкlри, щытыкlлэ гугъум кьыхьыхьауэ Iуэхугъуэхэм гу лъитащ. Гъавэ къэкlыгъэхэм ящыщу нартыхэр нэхъыбэу ящlэ хъуащ - абы, «губгъуэ гуащ» зыфIащам, гугъу зыдезыгъэхь щlыхухэр «къиГъэпэжащ», бэвагъкlэ кьеТэу хуежьащ.

Гъэмахуэ псом дыгъэм мывэм хуэдэу игъэгъу щlы щхьэфэр апхуэдизу мыгъущlэным и хэкlыпIэр псыр эрыарар губгъуэрытхэм ягуригъэIуэфащ.

Сощlэж, зымахуэ гуэрым а хозяйствэм сыкIуауэ, Башир сригъуэсу гъавэ щlапIэхэр кхъыдэхъкlуэ нэгъэхьэтkIухьыр: уэгъум пэщlэтыфыну зи фIэщ мыхьхуэм сэ газетымкlэ «яжесIэн» хуейт Тхьэкъуахъуэм и гупым яхуэгфIэкlхэр.

Правленэмкlэ дыIухьэкри зы лIыжь ныбжьыфI иIэу къригъэтIысхьащ - сщlэжыркъым и цIэ-унэцIэр, ауэ губзыгъэрэ есплъауэ щытащ. Башир Iуэхур нэхъ щызэкIэльыкIуэ звеносэм я хьэсэхэм дишэрт. ЛIыжьым и нэкlэ ильэгъуэхэр и фIэщ хъуртэкъым. «Модэ зIугъуэт зыдэтхэр згъащlэгъуэрти, мобы кlэчаниж, сабийм хуэдэу, и Iэблэм тесщ», - жиIэу-рэ и нэхэр фIызэхэзежэрт.

- Мыр хэт и нэхэщ жыпIа, Башир, - зыхуигъащ абы колхоз тхьэмадэм.

- Мыхьмуд, Шакъ Мыхьмуд, дадэ...

- КъызгурыIуащ, Шакъхэ лэжьакlуэшхуэхэщ.

- Нартыхуэм къитынум куэдкlэ зэрыхуэхэгъэхъуэнур Башир и гупым къыгурыIуатти, псыщIэгъэльадэмрэ, Iуэху нэхъыфI - щlэуэ къагъэхъу, бэвагъ нэхъыбэ къэзыт лIэужьыбгъуэр - къэгъэкlынымрэ гулытэ нэхъыбэ хуащIу щlадзащ.

ИтIанэ гуэрыгъуэ колхозхэм, районхэм, уеблэмэ, зи Iуэху нэхъ тэмэм рестораныкъэм я нартыхуэгъэкlуэм зэхъьэзэхуэ иращIылIащ. Абыхэм я ЭмалыфIкlэмкlэ, езым ейхэмкlэ зэхъуажэрт, механизированнэ нартыхуэгъэкI звеносэм я зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщырт. Нобэр кьыздэсым я гугъу ящlыж а зэманым бэвагъышхуэ я къьэзыхьэлIэу щытахэу Адыгейм щыщ Даур Анзорэр мы хозяйствэм и нартыхуГъэкI Шакъ Мыхьмудрэ кьагъэлъэгъуэ зэрыгъэкlхэм - абыхэм гектарым хуэзэу нарт гъавэу центнери 100-105-м нэс кьыдахыжьырт. 1973 гъэм Мыхьмуд хьэсэшхуэм гектарым зэрэзэуэу нартыху центнери 105-рэ, Анзор абы щlагъуэгкlэ къыкlэрымыкъуу кьыстрахауэ щытащ.

Лэжьэкlэщlэр, нэгъэущlмеханизированнэ звеносэмкlэ къагъэсэбэпащ, нартыхуэ кърахьаIэм куэдкlэ хагъэхъуащ. 1973 гъэм зэрыколхозэу гектарым хуэзэу ику иту центнер 79-рэ кьыстрахри, хозяйствэм и унафэщlу Тхьэкъуахъуэ Башир СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ а илъэс дыдэм дыгъэгъаазэм и 23-м Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ льапIэр кьыфIащауэ щытащ.

А лъэхъэнэм Тхьэкъуахъуэм кьыгурыIуат и хозяйствэр ягъэкlэ зыгъэкIуэтэну, кьулей зыдэхъуну «шыр» нартыхуэ зэрыарар. ИкIи звёно зыгъыз-тIуры-тIыр мыхъуу, дэтхэнэ гупри нартыхуэ бэн - гектарым центнери 100 хуэзэу - къехьэлIэным зратыну кьыхуриджащ.

- Абы щыгъуэ вапIэ гектар 1400-м дэтхэнэми хуэзэу планкlэ дгъэув центнер плIыщIым и пIэкlэ 72-рэ кьытетхьфыныжу. Зысщо пашэхэм нэхъыбэж кърахьаIэфынущ, - жиIэрт Тхьэкъуахъуэм. - ИтIанэ ди кьуажэ уэрамхэр, лъэс гъуэгуэгр тхуегъэфIэкlуэнущ, школхэм, сабий гъэсапIэхэм зытхуетэуэбгъунущ, хуэмыщIахэм защIадгъэкъуэфынущ, нэгъэущlу ухуэныгъэхэри тхуегъэкlуэкlынущ, ди гъавэ щlапIэхэр нэхъ зыхуей хуэдгъэзэфынущ. Къэкlыгъэщlэхэм, бэвагъ нэхъыбэ къэзытхэм, гъэсэныгъэ тэмэм иратащ. Язынкlъуэ къулыкъущlэхэм хуэдэу, и къуэхэм машинэ къахуищэхуртэкъым, итхъуэхри щытгъыпльапIэкlэ, дишэхэкlхэмкlэ игъафIэртэкъым. Феджэ, Iэщlагъэ, щlэныгъэ зэвгъэгъуэти, цIыхухэм хуэфащэу фахэт, - яжриIэрт и бынхэм.

И лэжьыгъэфIым, и цIыхугъэшхуэм хуэфащэ пщlэ зыхуащlа, Лениным и ордену тIу, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, медаль зыбжанэ зыхуагъэфэща Тхьэкъуахъуэ Башир псэужамэ, илъэс 85-рэ зэрыхьур игъэлъэпIэнут.

Унафэщl Iэкlуэлъакlуэу, цIыху щыпхъэу щыта Тхьэкъуахъуэ Башир Хьэбыж и къуэр и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэ, зыцIыхуу щытахэм мы махуэхэм фIыкlэ ягу къагъэкlыж, и фэепльым пщlэ хуащI.

БЕКЪАН Чыланий.

Къагъэтlасхъэ хъунукъым

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м и прокуроым и къуэдзэ Лаврешин Юрий иригъэкlуэкlа зэIущlэм къыщапщытэжащ федеральнэ щынагъуэншагъэмкlэ, лъэпкъ зэхущытыкlэхэмкlэ, экстремизмым пэщlэты- ныкlэ законхэр зэрагъэзащlэм кlэлъыплъныр хуэунэтlауэ мы гъэм и мазибгъум зэфIагъэкlаХэр.

ЗЭХЫХЬЭМ къыщыхасащ экстремизм, терроризм хьэгъащlагъэхэр республикэм щызэрахьэнкlэ зэрыхъунум ыкlи зэрыкlыжьыгъэм ящыщ. Ящlалъэ-пащlэм, ныкlэжьыгъэм зэмылIэужьыгъуэу 1038-рэ къыщlагъэщащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэхьэнэм кьаХутам нэхърэ хуэдищкlэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящхь иткlэ, тхыльэ 373-рэ ятхащ, тхыгъэ 89-рэ судхэм ираташ, цIыху 233-м хабзэм уебакъуэ зэрымыхъунур гурагъэIуащ, заоно ныбжьыкlэ ехьэхъунущ, псалъэ гуапэ х ужаIэну зэIущlэм зыкъгарэзыхьэлIат кьадисциплинэ, нэгъэущlу унафэхэр тращlыхьын, пщlалъэгъуэ пэжыгъэм зыкlыдащlэсабэ-пащlэ, республикэм щыщlыкlэ щытыкlэр зыхуэдэм, къэпщытэныгъэхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ теуха хьыбар 35-рэ властым и органхэмрэ унафэщlэ Iэнатlэм хэмрэ зэпкърыхауэ ираташ. Абыхэм ящыщу 5-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Правительствэм и Iэтащхьэмрэ я цIэкlэ ятхащ.

Зэфlагъэкlахэм щытепсэлъыхьыжу, республикэм и прокуроры и къуэдзэ Лаврешин Юрий къыгъэльэгъащlэ, я лэжьыгъэ ефIэкlуэн щlэпхъащlэхэм Iэмалхэр зэуIуу къагъэсэбэпын зэрыхуейр. Прокуратурэм я Iуэхум гулъытэ хэха хуещl, сыту жыпIамэ, экстремизмым и пхъгъэкlакlуэхэм ильэс кьас абы зрагъэзубгъу. Мазибгъум кьрихьыдзу цIыхухэм я зэхьэкlэ зэрыгъэзэщащ. Хабзэм къыгъэгъуэнущ. Хабзэм къыгъэхъуэ нэхъ тыншу гурагъэIуэн мурадкlэ, нэхъапэхэми хуэдэу, я лэжьакlуэхэр еджапIэхэм ирагъэбыдыдIащ, зэIущlэу 107-рэ школакlуэхэм драгъэкlуэкlащ. Хьыбарегъащlэхэзэгъэгъуазэ тхыгъэ 169-рэ газетхэм къытрагъэзэдащ, радиокlэ къатащ, Интернетым щызэбграгъэхащ, телевиденэ нэтыну 28-м ксыщlэсэлъащ. Прокуратурэм и унафэщlэхэр дин Iуэхущlапlэхэм, жылагъуэ организацэ щхьэхуэхэм я Iэтащхьэхэм яхуэзащ. Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щlыналъэм щlэпхъаджагъэм щебэныныкlэ фIэкlыпIэ имыIуэ лэжьыпхъэхэр щызэпкърахуа 15-нэ Дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференым хэтащ.

Экстремизм нэщэнэхэр кьызыхущ тхыгъэу Интернетым иралъхьаэм зэрызащхьумэ Iуэхугъуэ зэхэт ягъэхъэзыращ. Экстремист хьыбарегъащlэ тхыгъэу зыхуБ-тахэм ятеуху тхыльэ 16 судхэм иратащ.

Туристхэр кьеГъэблагъэныр щlызэпагъэуам зыгуэрхэр иримысондэджэрыщlэкlэ, Урысейм и Пьэпкъ антитеррор комитетым, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм, КъБР-м и Оперативнэ штабым ящlыгъуу, республикэм и прокуратурэм ди щlыналъэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм щагъэзыва КТО хабзэ тIыйр зыхуэзэр иджащ, абы теухуауэ пIалъэкlэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр законым кьеЗэгъыу икlи пэжу кьишlыным, зыхуэфащэ хэзыгъэгъуазэ тхьгъэхэр хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ зыгъэгъуазэ хэIущlыIу ищlащ.

Зытепсэлъыхьахэр щызэхалъхьэжьым кьыхагъэщащ мазибгъум кьриубыдзу хабзэхэмрэзэм гъжьыгъэ пыугъыкlэхэр зэIуIуу зэфIагъэкlами, кьалэнхэр кьагъэтlасхъэ зэрымыхьунур, яхь жэуапльныгъэм нэхъри хагъэхъуэн зэрыхуейр. Абы кьыхэкlыу, республикэм и прокуратурэм Iуэхур зэхьэлIаэм пщlэрылъ хэхаэр ящищащ, фIэкlыпIэ имыIуэ лэжьыпхъэхэр игъэбелджыкlащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

Сыт щыгъуэ щlалэу щрырет

● Пшыхьхэр

Налшык дэт Къэрал концерт гъэльэгъуапlэм жэпуэгъуэм и 27-м зэхьыхь гуапэ щекlуэкlащ. Къалэ администрацэм щэнхабзэмкlэ и кьудамэмрэ Бэыльхугъэхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэмрэ я жэрдэмкlэ кьыззэрагъэпэща гуфIэгъэу пщыхьыр теухуауэ щытащ Зи ныбжь хэкlуэтахэм я дунейпсо махуэр яхуэгъэльэпIэным. Ар дахэу ирагъэкlуэкlащ Пало Аскэрэз Ащхьэт Ритэрэ.

МАХУЭШХУЭМ екIуу, гъэщlэрэщlа, гъащIэм, гуащIэдэкI хьэлэлым теухуа макъамэхэр щыIу залышхуэм цIыху куэд щызэхуэ эсат. Абыхэм яхэтт ди республикэм, абы и кьалащхьэм я зыужьыныгъэм хэльъхьэныгъэ ин хуэзыщlа нэхъыжьыфIхэр, щlыналъэм и цIыхубэ Iэнатlэхэм зи гуащIэдэкI хьэлэлыр езыхьэлIауэ щыта Iащlагъэкlэр, Заумэрэ лэжьыгъэмрэ, Iащlкlэ Зэщlэуэдэ Кьарухэмрэ хабзэхьумэ органхэмрэ я ветеранхэр, Бэыльхугъэхэм я кьалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкlуэхэр, Налшык, Белая Речкэ, Вольный Аул, Iэдийкъ, Кэмэ э, Хьэсэней жылэхэм щIыхь щызыIэ цIыхухэр. Абыхэм я махуэ эшхуэмкlэ ехьэхъуну, псалъэ гуапэ х ужаIэну зэIущlэм зыкъгарэзыхьэлIат кьалэ администрацэм и унафэщlхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкlуэхэм, нэгъэущlэхэм.

- Хабзэ хьуауэ, жэпуэгъуэ мазэм дэнэжи щагъэлапIэ зи ныбжь хэкlуэтахэм я махуэхэр. Пщlэрэ нэмысрэ сыт хуэдэ зэманми зыхуэщlыпхъэ нэхъыжьхэм гулытэ хэха кьыззэралъхьым иджыри зэ дрегъэгупсыс мы зэманым. Ди щlыпIэ дахэм и зыужьныныгъэм папщlэ влэжьахэр куэд мэхъу. Апхуэдэ фи зэфIэкlэ льагэхэм щхьэкlэ лэ administрацэм и унафэщlхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкlуэхэм, нэгъэущlэхэм.

- Абы и щlыпIэ щыIэ ныбжьыкlэ зэрыгъэIэпыкlуным. Апхуэдэ политикэр хэбдзкlи щымыIэу тэмэщ. Фэ гъащlэм бгъэдыхьакlэщlэ хувищ, рынкоры зи лъабжьэ экономикэм и хабзэхэр, иджырей технологиехэр, Iуэхущlэхэр нэхъ псынщlэу къывопхъуатэ, Iэхуфим нэхъ фынтогушхуэ. Къэкlуэнуэр зэпльитар фэрадж икlи зэман гъунэгъу дыдэм къриубыдзу пщlэшхуэ ягъуэзынущ Iуэхум хуэгъэза Iэкlуэльакlуагъэмрэ жэуапльнгъэмрэ.

Мыпхуэдэ зэIущlэхэр сабэп мэхъу щlалэгъуалэм кьабгъэдэхуэ гугъуехьэхэр наIуэ къэщlыныжмкlэ, ахэр кьыззэрызэбгнэкl хьуну хэкlыпIэхэр убзыхуныжмкlэ», - жиIащ Чечанов Ануар. Абы студентхэр кьыхуриджащ езыхэр зыгъэпIейтей Iуэхуэр нэхъэкlжьэкl хэмылъу кьалэтыну, яфIэгъэщlэгъуэну щыIэ псоми щlэупщlэну.

Щlалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкlуэхэм, нэгъэущlэхэм.

- Хабзэ хьуауэ, жэпуэгъуэ мазэм дэнэжи щагъэлапIэ зи ныбжь хэкlуэтахэм я махуэхэр. Пщlэрэ нэмысрэ сыт хуэдэ зэманми зыхуэщlыпхъэ нэхъыжьхэм гулытэ хэха кьыззэралъхьым иджыри зэ дрегъэгупсыс мы зэманым. Ди щlыпIэ дахэм и зыужьныныгъэм папщlэ влэжьахэр куэд мэхъу. Апхуэдэ фи зэфIэкlэ льагэхэм щхьэкlэ лэ administрацэм и унафэщlхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкlуэхэм, нэгъэущlэхэм.

- Кавказэ ныбжьыщlэ къафакlуэ гупым я кьафэ дахэкlэ кьыззэIуахауэ пшыхьэр. Иужькlэкlэхьыжькъэм папщlэ уэрэдхэр жаIащ, кьафэхэр ягъэззэщlащ республикэм и артистщlэрыуэхэу Даур Ириней, ГашлО Алий, Теппеев Алим сымэ, кьалащхьэм и ныбжьыщlэ творческэ гупхэм, школхэм, сабий садхэм я гъэсэнхэм.

Тхуэзэфlэкlэ псомкlи нэхъыжьхэм защIэдгъэкъуэщlым, ди псалъэ гуапэ нэхъыбэрэ зэрызэхедгъэхьным, абыхэм я гъащlэр, я псалъэ Iущыр ди дежкlэ зэрыпльапIэ захедгъэщlэным, я гукъыдэжьыр кьызэрыпIэтыным сыт щыгъуи дыхущlэкъуэн зэрыхуейуэ гупысхэр пхьышlэу екIуэкlащ пшыхьыр. Зэхэсым и кlэухыу абы кьраГъэблагъэ дэтхэнэми тыгъэ хуащlащ.

Гуапагъэрэ хэабгъэжlэ гъэнщlа зэIущlэхэр апхуэдэу ищlащ. Нэрылъагъут нэхъыжьхэм пшыхьыр гукъинэ зэращlыхунур, я льэр жан ищlу, гъащlэм и Iэфlагъыр аргуэру зэ зыхащlэжь. Дыжьын уэшхыр зи щхьэцым «хэшхах эр» гукlи нэхъ щlалэ хьужажуэ кьыцIфIэщlыт.

Тхыгъэр сурэтэр
ЖЫЛАСЭ Маритэ *ейщ.*

Ди насыпыр саугъэту къыдатащ



КIыщ Мухьэдин. *1999 гъэ*

«Граф» цIэ лъапIэр къыщыфIащым. *Москва, 2000 гъэ*

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Хуэм-хуэмурэ зэныбжьэгъу дыхъуащ. Илъэс дэкIи аргуэру Переславль-Залесскэм сыкIуащ. Илъэсрэ хуэдизэ дэкIащ а дыз эрыз эныбжьэгъум Iуэхур фIэмыкIыу. А зэманым сэ Лондон сыщылажьэрт Испанием щIэныгъэмкIэ и министерствэм сриIыкIуэу. Езыр-езыру гукъыдэж згъуэтащ гуегъэтыщIхэм садэIэпыкъуну: перестройкэм и зэманым гуГу екъырт аэрэ, къэралым хыфIидзэжа хуэдэу щытти. Си ныбжьэгъу испан цIыхубз гуэрым и щхьэгъусэр скулптори, а цIыхубзыбмэ сэрэ ди мыльку зэхэтлхьэри, гъэлъэгъэныгъэ едгъэкIуэкIащ. Адрей сурэтыщIхэм я гъусэу Мухьэдини едгъэблэгъащ.

- Iэнэт гъэлъэгъуэныгъэр щекIуэкIыр?

